



Uwo uri wese ubahirizwa


LIGUE BURUNDAISE DES DROITS DE L'HOMME " ITEKA "

BULLETIN HEBDOMADAIRE

"Iteka n'Ijambo"

N°548Co kuva kuwa kuwa 12-18 Gitugutu2026

Ryemejwe n'itegeka nshikiranganji numero530/0273 yo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma1991




Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodeta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka , yabuzwe irengero kuwa 10 Kigarama 2015. Kuva Kigarama 2015 gushika kuwa 18 Gitugutu 2026, abantu bashika 888 babuzwe irengero niba ishishamwe Iteka ryamenyeshejwe, ni imiburiburi 88 barasubiye kuboneka abandi 800 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 269 babuzwe irengero¹.

Umuhari ITEKA :

- ♦ « Ni umunywanyi w'ishirahamwe mpuzabihugu ryo muri Afirika vyegwa n'agateka ka zina muntu, ni umunywanyi akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umurwi wa Afirika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero ivyerekanwa OBS.236 kandi ni umunywanyi wa ECOSOC ».
- ♦ Umuhari teka ugizwe n'inani mpuzamashirahamwe 17 hamwe n'ibisata 32 .

IBIRIMWO

0. INTANGAMARARA.....	5
I. UMWIHWEZO.....	6
II. UBURENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE.....	11
III. UBURENGANZIRA KU BUTUNZI ,IMIBANO N'IMICO KAMA.....	15
IV. UGUSOZERA N'IBISABWA	18



ADB	: Ikigo kijejwe iterambere mu Burundi
CECI	: Umugwi wigenga ujejwe gukwirikirana amatora muri komine
CNCNDD-FDD	: <i>Inama y'abanyagihugu iharanira intwaro rusangi-urunani rukingira intwaro rusangi</i>
Ecofo	: Ishure shingiro
ECOSOC	: Inama y'ubutunzi n'imibano vy'ibihugu vyunze ubumwe
FIDH	: Ihuriro mpuzamakungu riraba ivyo agateka ka zina muntu
FOMI	: Ifumbire y'ikizungu
GTDFI	: Umugwi w'igikorwa c'ibihugu vyunze ubumwe uraba ivyo kunyuruzwa
HCR	: Komisariya nkuru y'ibihugu vyunze ubumwe ijejwe impunzi
ONPRA	: Ikigo c'igihugu kijejwe gukingira impunzi n'inyambukira
OPJ	: Inyamiramabi
RDC	: Repuburika iharanira demokarasi muri Kongo
RED-Tabara	: Umugwi w'abitwaje ibirwanisho urwanira agateka Burundi
UIDH	: Urunani mpuzabihugu vya Afirika ruharanira agateka ka zina muntu

0. INTANGAMARARA.....	5
I.UMWIHWEZO	6
I.1.UMWIHWEZO WA PORITIKE.....	6
I.2. UMWIHWEZOW’UBUTUNGANE	7
I.3. UMWIHWEZOW’UMUTEKANO	7
I.4. UMWIHWEZO W’IBIDUKIKIJE.....	9
I.5. UMWIHWEZOW’INTWARO	9
I I . U B U R E N G A N Z I R A B W ’ U K W I G E N G A N O MURI PORITIKE	11
II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA	11
II.1.1. UBWICANYI BUTEGUYE	11
II.1.1.1.IBIZIGA VYATOWE	11
II.1.2. UKUNYURUZA N’UKUBURWA IRENGERO	12
II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAKUBAGURWA.....	12
II.2.1. UGUKUBAGURWA,UGUPFUNGWA CANKE UGUFATWA BUNYAMASWA CANKE UGUSUZUGURWA.....	12
II.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA.....	13
II.3. UBURENGANZIRA KU MWIDEGEMVYO N’UMUTEKANO W’ABANTU.....	14
I I . 3 . I H A G A R I K W A R I C I Y E K U B I R I N’AMATEGEKO	14
III. UBURENGANZIRA KU BUTUNZI-IMIBANO N’IMICO KAMA	15
III.1. UBURENGANZIRA KW’ITONGO	15
III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO	15
III.3. UBURENGANZIRA KU MAGARA	16
III.4. IHUNGABANA RY’UBUTUNZI	16
III.5. UBURENGANZIRA KU BURIMYI	17
IV. UGUSOZERA N’IBISABWA	18
IV.1. UGUSOZERA.....	18
I V . 2 . I B I S A B W A	18

Icegeranyo c'indwi ITEKA N'IJAMBO n° 548 c'umuhari uharanira agateka ka zina muntu nu Burundi ITEKA gikorera ku kiringo co kuva kuwa 12 gushika 18 Gitugutu 2026. Gishira ahabona amabi menshi y'ihohoterwa ry'agateka ka zina muntu n'ingorane z'imibano n'ubutunzi bikora ku banyagihugu bo mu Burundi.

Kuvyerekeye ubwicanyi,abantu 13 barishwe canke bagatorwa ibiziga baravugwa ,mu buryo butandukanye:amabi yakozwe,ukwiyahura,isanganya mu butare,ibitero vy'ibikoko vyo mu mazi hamwe n'ibihuhusi. Ivyo biharuro birimwo urupfu rwa Bruce Sebanza inyuma y' ikubagerwa ryakozwe n'abajejwe umutekano,itorwa ry'ikiziga c'umugabo yanizwe ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika, abantu 6 bishwe n'imvubu canke ingona n'imfu 3 zegekwa ku mvura y'isegenya n'umuyaga w'igihuhusi mu ntara ya Butanyerera. Ivyo bintu biratandukanye kandi si vyose,muri ivyo nyene,ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu.

Icegeranyo kiravuga kandi abantu 3 babuzwe irengero,harimwo ukuburwa irengero kw'abantu 2 bavuzwe amazina ,ihagarikwa ry'impunzi y'umunyakongo mu banyamulenge abiwe batazi aho apfungiwe,hamwe n'imiyabaga 2 yabuzwe irengero inyuma y'aho babanje gupfungwa mw'ibohero rya komine Gisuru. Ico cegeranyo kiragaruka kandi ku bantu 3 bahagaritswe biteye amakenga mugihe c'ibikorwa vy'isaka mu makaratiye y'ibisagara biherereye ku rubibe na Kongo cane cane Rumonge. Kuvyerekeye ubushurashuzi,abantu 5 babikorewe harimwo abakobwa,imiyabaga n'abagore baravugwa,cane cane abana,agakobwa gafise imbanyi y'amezi 3 n'umugore akiri muto yagize ingorane zokubura imiti n'itotezwa.Ivyo biharuro bihuye n'ibiri muri ico cegeranyo kandi ntivyerekana amabi yabaye yoseyabaye muri iyo ndwi.

Uburenganzira ku butunzi n'imibano nabwo burabangamiwe.Mu makomine ya Kirundo, imihana 135 yoba yaravuye mu gihu n'abagabo barenga 315 boba barataye imiryango yabo baja kurondera ubuzi hanze.Abarimyi ibihumbi n'ibihumbagiza kurundi ruhande barazwe ko barishe hagati ya 28 000 na 33 000 fbu ku gapapuro barihiyeko ifumbire ntibayironka.Kuri izo ngorane hiyongerako kubura amazi meza i Kiremba,ibikoresho vy'ishure bidakwiye hamwe n'ibibazo vy'isuku kw'ishure shingiro ya Kinga, aho abanyeshure 847 : abakobwa441 n' abahungu 406 basangira utuzu twa Surwumwe 8.

Isegenya mu ntara ya Butanyerera ku biyerekeye yasambuye amazu 2 052, harimwo 800 zatabagaye, amashure 28 ,hamwe n'ugutakaza ihagitari 2 034,4. Mu gusozera,haravugwa ubunenge mu nteguro y'amatora y' 2027 n'ingorane zijanye n'imigirwa imwe imwe mu burongozi n'ubutunzi bisaba kurikanura cane.

Gikoresheje ivyo,iki cegeranyo n° 548 gishira ahabona uguhamagarana kw'uburenganzira bw'ukwigenga,poritike,ubutunzi n'imibano kandi kirerekana ko hakenewe gukwirikirana amabi avugwa,gukingira ababikorewe n'ukubaronsa ubutungane bukwiye.



I.1. UMWIIHWEZO WA PORITIKE

⇒ ***Amatora y’umukuru w’igihugu y’ 2027 aja ari mu mitima:ihimiriza ry’umugambwe n’intumbero y’ amajwi100 %.***

Amanama y’umugambwe CNDD-FDD yaravuzwe mu makomine menshi y’intara ya Buhumuza, nka Butaganzwa na Gisagara kuwa 16 Gitugutu 2026, hanyuma Cankuzo, Gisuru na Ruyigi kuwa 17 Gitugutu 2026. Kubwo amakuru yatororokanijwe,ayo manama afise intumbero yo guhimiriza rifatiye ku butumwa bw’umunyamabanga mukuru w’umugambwe uri ku butegetsi. Abayitavye bari batumiriwe kubandanya bizera abarongozi ba CNDD-FDD, ntibasamazwe n’amajambo y’imigambwe itavuga rumwe na Reta bafata ko ibangamiye umugambwe n’ugukwirikirana integuro y’amatora y’umukuru w’igihugu mu guharanira amajwi 100 % y’intinzi y’uwitoje wo mu mugambwe CNDD-FDD.

Ubutumwa bwahamagarira kandi aabanywanyi b’umugambwe kurikanura ku ngendo z’abatavuga rumwe na Reta mu karere barimwo no gukomeza inyigisho y’akaranga mutima k’umugambwe mu rwaruka,babicishije mu mabanga baha imigwi itandukanye y’abanywanyi bawo.Iryo himiriza rya poritike rije mugihe abanyagihugu bahura n’ingorane mu burimyi,nk’ukubura ifumbire ikenewe mw’itera rw’umwaka w’irima A.Abarorerezi bacu baribaza gutyo ku gushira imbere ibikorwa vy’umugambwe mu gihe imiryango iguma yifumbereje mu gisata c’ubutunzi n’ico uburimyi.

⇒ ***Abatavuga rumwe na Reta barasugerejwe: ukugenzura abo batavuga rumwe na politike biratete amakenga.***

Kubwo amakuru yavuzwe,abarongoye CNDD-FDD barasavye abanywanyi b’umugambwe kuguma barikanuye ku ngendo z’abanywanyi b’imigambwe itavuga rumwe na Reta.Iyo ntumbero iragwiza amakenga muri bamwe mu batavuga rumwe na Reta,bikeka ko amanama y’ihimiriza azokwirikirwa n’ibikorwa vy’iterabwoba canke n’iturubikwa babakorera.Kubwo amakuru dufise,abanyagihugu harimwo n’abatari mu mugambwe uri ku butegetsi,bari batumiwe kwitaba amanama.Ubutumire bumwe bumwe bwafata iyo mi bonano nk’inama bagirana n’intumwa y’umukuru w’igihugu,mugihe yari amanama atunganijwe n’umugambwe CNDD-FDD. Iyo migirwa iteye amakenga ajanye n’umuco w’ihimiriza rya poritike n’ukubaha umwidge mvyo w’abanyagihugu mu gutora ku banyagihugu.Ukwitaba inama y’umugambwe bitegerezwa gushingira ku makuru atomoye kandi ntibishobora kubaho haba kubera ukuyihendako canke haba ku gitsure c’uburongozi.

⇒ ***Integuro y’amatora igwanywa: intonde z’abazokwandika abazotora zinegurwa mu Cankuzo.***

Umwihwezo wa poritike w’indwi waranaranzwe n’ubunenge mu gucagura abantu bazokwandika abazotora n’abamanika intonde mu migwi ijejwe gute gura amatora ku gwego rw’ama komine(CECI). Mu Cankuzo, ukuraba abashaka ako kazi n’ugucagura abazobikora vyerekanye ko hariho intonde zamaze gukorwa n’abakuru b’umugambwe uri ku butegetsi ku rwego rwa zone. Kubwo amasoko yo hagati yavuzwe,abantu bari kuri izo ntonde zoba zaherejwe ama CECI, mugihe abagakeneye batari kuri izo ntonde baba bakuwemwo.Ayo masoko nyene avuga ko uwo mugirwa wavuzwe nko mu makomine yose y’intara ya Buhumuza. Abaharanira agateka ka zina muntu babona ko hashoboka umukenyuro ugamije gute gura utunenge mu matora y’umukuru w’igihugu yo muri Rusama 2027.

1.2. UMWIHWWEZO W'UBUTUNGANE

⇒ ***Ku Mpanda, umwigisha yarapfunzwe yagirizwa guhindura amanota yo mw'ishure***

Kuwa 16 Gituguru 2026, harahagaritswe umwigisha wo kw'ishure shingiro Ecofo) Musenyi 2, iri muri komine ya Mpanda, intara ya Bujumbura, amatohoza yo ku bunenge bwabaye kw'itangwa ry'amanota y'ishure n'impapuro zerekana baryizeko yaremejwe. Kubwo amakuru yatanzwe n'uwurongoye igisata c'indero muri komine Mpanda, uwo mwigisha hari hacye hafi indwi 2 ahagaritswe, inyuma y'amatohoza yagizwe n'ubugenduzi bw'indero muri komine. Abigisha 3 boba bari muri urwo rubanza.

Baravugwa ko bahaye amanota abanyeshure bamwe bamwe batayarose bongera batanga impapuro zemeza ko bahize zibafasha kubandanya mu yandi mashure. Hafi abanyeshure 25 bararabwa n'ubwo bunenge bongera bakwiragira mu mashure atandukanye. Amashure yavuzwe muri urwo rubanza ni amashure shingiro ya Nyunzwe, Musenyi 2, Nyendago na Kibambwe 3, zose ziri muri komine ya Mpanda. Umuyobozi w'indero muri komine yamenyesheje ko, muri abo bigisha 3 biraba, umwe niwe yari apfunzwe, mugihe abandi 2 bari bahunze. Amatohoza yarabandanije igihe iryo tangazo ryaba.

Urwo rubanza rukeneye umuco ku ruhara rw'umwe umwe wese n'umwihwezo w'ibikorwa vy'abarongozi babijewe, mu kwubahiriza amategeko hamwe n'ugufatwa nk'umwera. Rurashira ahabona n'ikibazo c'inkurikizi z'uburongozi n'ubutungane ku bunenge bw'aho abanyeshure biraba bacye. Birakenewe ko amatohoza abishira ahabona, uruhara rw'umwe umwe hisunzwe amategeko kandi uburenganzira bw'abanyeshure, nk'ubwo kubandanya biga amashure, bugakingirwa.

1.3. UMWIHWWEZO W'UMUTEKANO

⇒ ***I Karusi, uwushinzwe ububiko bw'ifumbire FOMI yarashizwe mu mvuto inyuma y'aho ageragereje kwiba.***

Mw'ijoro ryo kuwa 14 Gitugutu 2026, Jean Karibwami, ashinzwe ububiko bw'ifumbire FOMI buri muri zone Muhweza, komine Karusi, akanaserukira abadandaza bo muri iyo zone kubwo isoko ryacu, yaracakiwe mu bubiko yinjiyeyo ariye mu gasongero. Bahabuwe n'ivyo, abaporisi bararashe amasasu y'urutavanako kugira bitume asohoka. Igiporisi carakikuje ububiko gushika mu gatondo. Kuwa 15 Gitugutu 2026, Jean Karibwami yarajanyweho kugira baharure ifumbire iri mu bubiko, yari igizwe n'itoni 14 za FOMI Imbura na toni 8 za FOMI Bagara, imbere yo gusubira gupfungwa.

⇒ ***Hagati y'ibihuha vy'igitero c'abitwaje ibigwanisho n'uguhagarikwa, icuka c'ubwoba kirakwiye imihingo myinshi***

Kubwo amakuru yatororokanijwe, ku musi wa kabiri igenekerezo rya 29 Nyakanga 2026, abantu batamenyekanye baratabuye amabendera ya CNDD-FDD ku mitumba ya Gakondo na Kireka muri komine Gisuru, hafi igihe c'isaha 8 z'ijoro, imbere y'uho baja muri Tanzaniya.

Amasoko menshi atavuguruzanya yigana kandi ko abagabo 3 b'a banyamulenge ba **hagaritswe kuva muri** Nyakanga 2026, hanyuma bararekurwa batanze batanze amahera menshi ariko uwundi yarabuzwe irengero inyuma yaho ahagarikiwe n'abakozi b'iperereza. Ibintu birateye ubwoba cane kuburyo ikambi ya Bwagiriza yakira impunzi zirenga 8 000 z'abanyakongo, bagwiriye aBanyamulenge. Ku musi w'amakuruyatororokanijwe, ntakimwe cakoze ku mugaro na HCR canke ONPRA kuvyerekeye ukuburwa irengero kwavuzwe. Ariko rero ukutagira amakuru kuri ivyo bizana amakenga y'ababo hamwe n'umuryango w'impunzi,

⇒ ***Ukugerageza kwiyahura muri komine ya Karusi, intara ya Gitega***

Kuwa 14 Gitugutu 2026, hafi igihe c'isaha 2 z'ijoro ku mutumba Magamba, zone Buhiga,

I.3. I.3. UMWIIHWEZO W'UMUTEKANO(Ibikurikira urupapuro7)

komine ya Karusi, intara Gitega, NDAYISENGA, afise imyaka 29 ,umurimy akaba n' umunywany wa CNDD-FDD, yaragerageje kwiyahura yimanitse mu cuba ciwe,umugore wiwu atahari. Kubwo ivyabona vyaho,abana biwe bari bamubonye yinjira mu cumba afise umugozi. Haciye umwanya,bamaze kwumva urwamo rutamenyerewe ruva mu cumba,baciye batangura kuboroga n'ijwi rirerire.Umubanyi,yahashitse kare,yarakweze umuzosi wari mw'izosi,aca aratabaza Imbonerakure zo kugatumba.Abo baciye bamutwara ku kirindiro c'igiporisi c'i Buhiga.

Bukeye bwaho,mugihe yariko arabazwa n'inyamiramabi (OPJ), NDAYISENGA yaratangaje ko yashatse kwiyahura kubera urusaku ruvugwa ku bushurashuzi bw'umugore wiwe,yagiriza ko afitaniye imigenderanire na NTIRABAMPA, uwahoze ari umukuru w' Imbonerakure ku mutumba,hagati aho yakuwe mu mabanga yiwe .

⇒***Ubukene,ukubura imfungurwa n'uguhungira mu mahanga:imiryango ihanganye n'amahitamwo yo kurokoka.***

Kuwa 12 Gitugutu 2026, mu nama yo kundwi kundwi yahariwe umutekano,musitanteri wa komine Kirundo, mu ntara ya Butanyerera, yaragabishije kw'igenda ry'abanyagihugu baja mu bihugu bibanyi,nka Tanzaniya,baja kurondera akazi.Kubwo ivyegeranyo vyatanzwe n' abatwara ama zone,imiryango 135 yarasohotse igihugu n'abagabo 315 barataye imiryango yabo. Zone ya Kigina niyo vyakozeko gusumba,aho havuzwe abantu 21 bagiye.

Ukwo kwimuka bivugwa mu cuka c'ingorane z'ubutunzi, hamwe n'izo imfungurwa.Umwimbwu w'igice c'irima A wabaye mubi,kubera cane cane uubura ifumbire hamwe n'ibirere vyabaye nabi.Ukutaronka imbuto zirobanuye, nk'izo ibigori PANR53 n'izo ibiharage,vyunyura amakenga y'abarimyi ku vyerekeye iyimbura ryimirije.Kubwo amakuru yatororokanijwe, itangwa ry'ifumbire FOMI riguma rigoye kandi abarimyi ntibashobora kuronka ibiro birenga 16 kg vya FOMI Imbura, uko aho barima hangana kwose.Ukubura umwimbu vyaramaze gutera amapfa mu mazoni menshi ya komine.Kuri ivyohiyongerako ukubura ubuzi,iduga ry' ibiciro vy'ibintu vya nkenerwa vya misi yose n'ukutaronka uko bibeshaho bikwiye.

Ivyo biranakora ku gisata c'indero. Mu nama y'isuzuma ry'itangura ry'umwaka w'ishure 2026-2027, yabaye kumusi wa gatanu igenekerezo rya 16 Gitugutu 2026 igirishijwe n' umuyobozi w'indero muri komine ya Kirundo, havuzwe ko **abigisha bashika 27 batagarutse ku kazi inyuma y'uburuhuko bwo muci.**Amakuru ahari ntatomora imvo y'ukudatonda kuri umwe umwe,ariko ivyo biboneka mu gihe imiryango hamwe n'ubufasha bwaho bihuha cane.Uko kugenda bituma gutyo intege nke birengeye kurondera akazi vyonyene:mugihe habura umwimbu,ifumbire ikabura n'ibiciro bikarenga urugero,imiryango irashobora kugenda kurondera uko ibandanya ibaho mu mahanga,ahari amakenga ko ishobora gutandukana.



I.4. UMWIHWEZO W'IBIDUKIKIJE

⇒***Mu ntara ya Butanyerera, imvura y'isegenya hamwe n'umuyaga w'igihuhusi birahungabanije umutekano w'abanyagihugu.***

Imvura y'isegenya irimwo umuyaga w'igihuhusi vyadutse mu ntara ya Butanyerera vyarahitanye abantu hamwe n'ibintu vyinshi, bikora ku bahaba, inyubakwa z'amashure hamwe n'amirima. Mu nama yabaye kuwa 12 Gitugutu 2026, buramatari w'intara, Victor Segasago, yarashikirije ibiharuro vy'ivyononekaye ku mitumba 199 igize ama zone 40. Kubwo ibiharuro vyatangajwe, ivyo vyaduka vyahitanye abantu 3 bahasize ubuzima na 51 bakomeretse, bibomora inzu 2 052, harimwo amazu 800 yatabagaye, vyononye canke birabomora amashure 28 vyongera bitwara amatongo angana na hegitari 2 034,4.

Ivyo vyaduka birateye ingorane ikomeye ku vyerekeye umutekano w'abantu. Ibomoka ry'uburaro rirakwegera imiryango myinshi ubukene n'ibindi vy'iruhande, mugihe ivyononekaye ku nyubakwa z'amashure bituma inyigisho zitabandanya. Ugutakaza amatongo yo kurima bishobora navyo nyene gusongera isibe kuvyerekeye inzara hamwe no guhuhura ivyahuha mu buryo bwo kubaho bw'imihana yacitse kw'icumu.

Muri iyo nama, yo kuwa 12 Gitugutu 2026, imikenyuro y'inyishu kuri ivyo vyaduka yaratanzwe. Ariko rero, amakuru ahari ntatomora ingingo ziboneka zo gutanga imfashanyo ku miryango vyakozeko. Ivyo bisaba ko hokenywa gukomeza imikenyuro yo gutabaza, ukwitegurira ivyaduka, ugukingira abantu babangamiwe n'ugushigikira abagize ivyago hamwe n'imiryango yatakaje uburaro canke uburyo buyibeshaho.

⇒***I Mabayi, uwucukura ubutare yarapfuye ahitanywe n'ibomoka ry'umusozi ku kirombwe bacukuramwo inzahabu.***

Kuwa 15 Gitugutu 2026, hafi igihe c'isaha 7 z'umutaga, Félicien, umugabo afise imyaka 50 yakora mu bucukuzi bw'inzahabu, yarapfuye habaye ibomoka ry'isi ahitwa Jojwa, ku mutumba Mukoma, komine ya Mabayi.

Ako kaga gashira ahabona amakuba abakora ku birindiro bicukura inzahabu bahura nayo, nk'ibomoka rishobora guhitana ubuzima bw'abantu. Amakuru ahari ntatomora uko isanganya yabaye canke uburyo bw'ukwikingira bwari buri ku kirindiro.

Iryo sanganya rizana amakenga kuvyerekeye ukwirinda ingorane z'akazi mu bikorwa vy'ugucukura inzahabu. Birakenewe ko homenyekana ukuntu yapfuye hamwe n'ingingo z'ukwirinda, z'ukugenzura ibirindiro n'ugukingira abakozi zokomezwa kugira hagabanuke ingorane z'amasanganya nk'ayo.

I.5. UMWIHWEZO W'INTWARO

⇒***I Muyinga, itoni irenga y'ikawa yarafashwe: igenzura ry'urudandazwa rikwirikiranwa.***

Ku musi wa gatanu igenekerezo rya 16 Gitugutu 2026, igikorwa c'isaka carakozwe n'abajejwe umutekano ku mutumba Murama, muri zone ya Rugari, ku mugwa mukuru wa komine Muyinga, intara ya Buhumuza. Amazu 3 y'ubudandarizo yegukira abadandaza niyo yasatswe. Kubwo amakuru twatororokanijeyo, kg 915 kg z'ikawa yumye vyarafashwe ku mudandaza azwi kw'izina rya Vincent, kg 410 kwa Lucie na kg 174 kwa Lazard, ni ukuvuga vyose hamwe kg 1 499 vy'ikawa yumye. Babiri muri abo badandaza 3 barahagaritswe baca bajanwa ku kirindiro c'igiporisi c'i Murama, mu kiringo uwa gatatu yashoboye guhunga. Ikawa yafashwe co kimwe n'ibikoresho vyo gupima vyatawe ku mugwa mukuru wa komine ya Muyinga.

Ico gikorwa caje inyuma y'itangazo ry'umushikiranganji muvuyo ajejwe harimwo intwaro yo hagati mu gihugu, mu rugendo rwo kuwa 6 Gitugutu 2026, rivuga ko hafi itoni 34 z'ikawa

zafashwe zafashwe n'intwaro hamwe n'igiporisi mu kiringo c'amezi 3. Umushikiranganji yahanuye bene ikawa ko bosaba uruhusha Reta imbere yo gushora umwimbu wabo muri Tanzaniya. Ukugenzura urudandazwa rw'ikawa biserura gutyo ingorane z'umugaragaro mu gushira mu ngiro amategeko, ukubaha imirimo hamwe n'ugukingira uburyo bwo kubaho kw'abarimyi n'abadandaza. Amakuru ahari naho biri uko ntatomora ibikurikira vy'ubutungane birindiriye abantu bahagaritswe canke ingingo zifatwa kuvyerekeye ibintu vyafashwe.

⇒ I Mwaro: umugambi wo gupanga amabaruye mu mabarabara ya Kagoma urateye amakenga ku kugabangana ibikorwa hagati ya Reta n'abahaba.

Muri zone ya Mwaro, ku mugwa mukuru wa komine ya Mwaro, intara ya Gitega, umugambi wo gupanga amabuye mu mabarabara yo muri karatiye Kagoma urateye amakenga mu bahaba, nko muvyerekeye intererano y'uburyo boba basabwa. Mu ntumbero yo guhimiriza uwo mugambi, umupfasoni atwara zone Mwaro, Viola NTAKARUTIMANA, yaragirishije, ku musu wa gatatu igenekerezo ry'ya 14 Gitugutu 2026, kuva igihe c'isaha 3, inama yagiranye n'ababa kw'ibarabara rya 3, mu nyubakwa z'ibiro vya zone. Kubwo isoko ryaho, yabamenyesheje ko iryo barabara, rijana rigoroye kuri ivyo biro, ryoba intango y'ibikorwa bitegekanijwe gutangura muri Munyonyo 2026. Bene ibibanza biri hirya no hino y'ibarabara bategerezwa gusangira ikiguzi co gupanga amabuye, giharurwa hagati ya miriyoni 3 na 4 z'amafaranga y'amarundi kuri iryo barabara ryose.

Iyo ntumbero iratuma abantu badatahura, bakavuga ko karatiye itarategurwa kandi itanagira n'imiserege, mugihe agace kayo ko mu bumanuko nako nyene kaguma kadateguwe neza. Kubwo amakuru yatororokanijwe, bene ibibanza vyo muri ako gace ko mu bumanuko boba naho biri uko bararise, haraciye imyaka irenga 10, amahera yobkuhatunganya mu gisata kibijewe, ata bikorwa birakorwa gushika uwo musu. Ivyo bitera ingorane mu gukwirikirana amahera amaze gutozwa, ugutegura ibicapo vy'inyubakwa n'umuco mu gutunganya imigambi y'ibikorwa nyezina. Bibaye kandi mu cuka c'ubukene, burangwa n'iduga ry'ibiciro hamwe n'ukubura ibintu vyinshi cane vyankenerwa.

Abantu benshi bibaza ko itangwa ry'uburyo bwo gupanga amabuye mu mabarabara mu bisanzwe biri muvuyo Reta ijejwe kandi bavuga ko ahubwo barindiriye guterera mu nteguro y'agace kari hagati y'ahagarukira ibibanza vyabo n'inkengera y'ibarabara. Hejuru yo kutumvikana ku vyo uburyo, ivyo birerekana ko hakenewe umwumvikano n'abanyagihugu, umuco kuvyobone ibibanza babwirizwa guterera mu buryo, hamwe n'ugukuramwo amahera bamaze kuriha yo kuhatunganya, kugirango imigambi yo kuhategura ibe inyishu kuri bose bataremereje imiryango ibintu bidasiguye neza.

⇒ Isubirwamwo ry'imishahara kuwa 15 Gitugutu 2026: ukunganisha vyamenyeshejwe mu mwimenyerezo w'umugaragaro n'ukwiyezeza

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu ITEKA warumvise ingingo n° 100/154 yo kuwa 15 Gitugutu 2026, yashizweko umukono i Gitega n'umukuru w'igihugu, Évariste NDAYISHIMIYE, umushikiranganji wambere, Nestor NTAHONTUYE, n'umushikiranganji w'akazi, abakozi ba Reta n'umutekano, lieutenant-général Gabriel NIZIGAMA. Iryo tegeko ryerekana ukuntu batondeka inzego zigengwa n'amategeko adasanzwe kuri poritike y'ukunganisha umushahara.

Impinduka iteganywe urwego ruhembwa rugizwe n'ibice 4: uruhande rw'ipete mukazi, uruhande rw'akazi, uruhande rw'ubushobozi, uruhande rw'uburusho ku muryango. Iraba kandi abakozi atari abaporisi canke abasirikare bakora muri izo nzego. Hamwe uko kunganisha vyoterera mu kugabanya ubusumbasumbane hagati y'imishahara y'abakozi ba Reta, ugushirwa mu ngiro kwavuye biserura ingorane z'intwaro, nk'ugushira ahabona uburhanga bwo gutanga uruhande rw'ubushobozi, bw'ukunganisha uguhemba n'ukugenzura ishishirwa mungiro itunganywa ryiza ryavuzwe.

Ukudashira ahabona ibipimo vy'ubushobozi, kubwo amakuru ahari, bishobora kuduza ukudatahura hamwe n'ukwiyamiriza hamwe abakozi batoronka amategeko atomoye, ubuhinga

1.5. UMWIHWEZO W'INTWARO (Ibikurikira urupapuro 10)

bwo gusuzuma hamwe n'uburyo bwo gusaba kurenganurwa. Ukwizerwa kw'ipinduka bizovana rero n'ukumenyeshwa ubuhinga bw'uguharura, ugushira mungiro kuri bose ibitegekanijwe kandi bishoboka, ku bantu biraba, kugenzura umushahara. Mu cuka kirangwa n'iduga ry'ibicuro n'ingorane z'ubutunzi bw'imiryango, ugushira mungiro iyo mpinduka bisaba ugukwirikirana bikomeye kugira intumbero y'ukunganisha yamenyeshejwe ibonekera neza a neza ku mushahara. Ugushira ku mugaragaro ivyo bisunga, uguhamba kugihe hamwe n'ukubazwa kw'inzego zijewe gushira mu ngiro itegeko bigize ubuhinga bwa nkenerwa bwo gukomeza icizere c'abakozi ba Reta muri poritike y'imishahara.

II. UBURENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE

II.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA

III.1 UBWICANYI BWATEGUWE

III.1.1. IBIZIGA VYATOWE

⇒ ***Umugabo yatowe yapfuye amaboko n'amaguru biboshe mu Ruziba.***

Kuwa 12 Gitugutu 2026, ikiziga c'umugabo atamenyekanye, w'imyaka iri hagati ya 37 na 40, caratowe ku nkengera z'ikiyaga ca Tanganyika, muri zone ya Ruziba, muri komine Mugere, mu ntara ya Bujumbura. Kubwo amakuru yegeranijwe, uwo muhisi amaboko n'amaguru yaraboshe. Ivyabona vyibaza ko yoba yishwe imbere yuko ikiziga ciwe gitabwa mu kiyaga. Kw'itegeko rya musitanteri, Adélaïde Hatangayo, ikiziga cahambwe mw'itongo rya Karava, ku mutumba Kabezi.

⇒ ***I Karusi, umusore yatowe amanitse mu cumba ciwe***

Kuwa 13 Gitugutu 2026, ku mutumba Nzibariba, muri zone ya Buhiga, muri komine Karusi, Nimbona, alias Kabeba, w'imyaka 25 kandi azwi nk'umunywanyu w'umugambwe CNDD-FDD, yoba yarimanitse akoresheje umugozi mu cumba ciwe. Ikiziga ciwe catowe na nyina wiwe mu gitondo kuwa 14 Gitugutu. Kubwo amasoko yaho, umusore yarafise ingorane zo mu mutwe kandi yaramaze kuvurwa ku kigo c'abarwayi bo mu mutwe ya Kamenge, bakunze kwita « Chez le Gentil ». Ayo masoko nyene amenyesha ko yari yagerageje kwiyahura mu mwaka uheze akoresheje umuti w'imbeba, ariko yaravuye.

Amakuru yatororokajwe amenyesha kandi habonetse inzoka nini munsu y'igitanda igihe bamanura ikiziga, ivyateye ubwoba ababanyu Igiporisi caratabaye kiza kwica iyo nzoka. Ikiziga cahambwe uwo munsu nyene, kw'itegeko ryo mu ntwaro zaho. Uravye ivyo vyabaye vyamenyeshejwe, ivyo bintu bitera ibibazo bijanye n'indwara yo mu mutwebhamwe no kuronswa ubufasha bubereye. Naho biri ukwo, ukuntu yapfuye bitegerezwa gukorwa mu kwigengesera bidasanzwe, atagufundika vyihuse ku mvo z'urupfu.



II.1.2. UKUNYURUZA NO KUBURWA IRENGERO

⇒ ***Uwucukura inzahabu yanyurujwe muri komine Cibitoke mu ntara ya Bujumbura***

Mu Cibitoke, Alexis Nihoreho, alias Marandura, ntaraboneka kuwa kuwa 10 Gitugutu 2026. Ni umugabo w'imyaka 40, umunywanyi w'isengero ya adventiste kandi ni umucukuzi w'ubutare mw'ishirahamwe ricukura ubutare Jabukiro, riri i Buhindo, muri komine Cibitoke. Yaba ku mutuba Bwiza, zone Cibitoke.

Kubwo icabona, Yari yagiye kw'isengero kuwa 10 Gitugutu kandi ntiyatashe muhira. Kuva icyo gihe, umuryango wiwe, ntamakuru afise yiwe kandi ntibazi imvo ry'ukubura irengero. Amasoko twavuganye amuvugaga nk'umuntu ataho yegamiye muri poritike. Ukubura amakuru kuko yabaye hamwe naho yoba ari bitera amakenga incuti ziwe kandi izo ncuti zisaba ko batangura kumurondera kugira hamenyekane imvo zatumye aburwa irengero.

⇒ ***Mw'ikambi i Bwagiriza, impunzi y'umukongomani wo mu muryango w'abanyamulenge yabozwe irengero inyuma yo kumuhagarika***

Mw'ikambi ya Bwagiriza, icyo impunzi y'umukongomani yo mu muryango w'abanyamurenge yabaye ntibiramenyekana. **Alexis David Musore**, kandi iba mu Burundi imyaka irenga 15 kubwo amakuru yegeranijwe, yarahagaritswe n'abantu basa n'abakozi b'iperereza b'Uburundi. Kubwo uwumwegereye, Kubwo umugenzi wiwe atashatse kumenyekana, abo bantu baje atana manda atanugusigura imvo zo kumuhagarika. Boba bajanywe Alexis David Musore mu ngendeshwa yera itagira imparati, itera ija ku mugwa mukuru wa Ruyigi. Amaterefone yiwe abiri yarafashwe. Kuva afatwa, abagenzi bamenyesha ko batari aho apanze hamwe n'ivyo bashobora kumwagiriza. Ntakinu nakimwe camenyeshwe Umuhari cofasha, gushika aho, kumenya ku mugaragaro aho ari.

⇒ ***Mu Gisuru, abagore babiri bavuzwe ko babuzwe irengero inyuma yo kubahagarika kuri Muhindo Hotel.***

Kuwo amakuru yatohojwe, abagore babiri bakiri bato bikekwa kuba bafitaniye imigenderanire n'abarwanyirye barahagaritswe kuri Muhindo Hotel, ihere mu yahoze ari komine Gisuru. Kubwo intahe zatanze, abo bagore bavugaga ikinyarwanda kandi ko bari bafise ikarata yerekana inzira ija ku murwa mukuru wa ndetse n'inzira zigana muri Tanzaniya. Iyo bintu vyateye amakenga kuko bagamije, naho nyene ubwavyo, bidahagije kugira ngo hemezwe ko bari mu bikorwa vy'abarwanyirye. Inyuma yo guhagarikwa, abapo bagore babiri bajanywe mw'ibohoro rya komine. Ariko, kubwo amakuru ahari, bukeye bwaho ntibabasanzeho. Umwidondoro wabo, aho ubu kandi naho bapfungirwe ndetse n'ivyerekeye ukwimurirwa ahandi ntibiramenyekana gushika ubu.

II.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA KU MUBIRI NO MU VYIYUMVIRO

II.2.1. UKUBOREZWA IGUFA, UGU FATWA BUNYAMASWA CANKE GUCINYIZA

⇒ ***Bruce Sebanza yarapfuye inyuma yo guhuragurwa vyavuzwe ku kirindiro ca ADB mu Gihosha.***

Kuwa 13 Gitugutu 2026, Bruce Sebanza yafuuye inyuma yo gukubitwa n'abazamu bo mw'ishirahamwe ryigenga rya Ulinzi, rijejwe umutekano ku kirindiro c'ishirahamwe rijejwe iterambere mu Burundi (ADB), mu Gihosha, muri komine Ntahangwa, mu ntara ya Bujumbura. Kubwo ivyabona, umuhisi, ubwambere yatwara ADB kandi bari bafitaniye amatati n'

II.1.2. UKUNYURUZA NO KUBURWA IRENGERO(Ibikurikira urupapuro 12)

uwamusubiriye,Révérien Nizigiyimana. Amasoko amwe amwe yemeza ko uwo Reverien yategutse abazamu gukubita Bruce Sebanza kandi nawenyene yoba yarimwo mubamukubita.

II.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA(VBG)

⇒I Kiganda, umukobwa muto w'imyaka 12 yafashwe ku nguvu n'abasore babiri

Kuwa 7 Gitugutu 2026, hafi y'isaha cumi, umukobwa muto w'imyaka 12 kandi yiga mu ndaro kw'ishure y'imyuga ETS Kiganda, yarafashwe ku nguvu n'abasore babiri. Kubwo amakuru yegeranijwe,umukobwa,ava muri karatiye Mutakura,muri komine Ntahangwa, mu ntara ya Bujumbura, yasavye uruhusha rwo kuja hanze kugira aje kwimosha. Kubera atari ahazi neza, yasavye ubufasha umusore w'imyaka 18 kugira amwereke aho yimosha. Inyuma yo kwimosha, uyo musore yamuhaye umutobe yashizemwo ibiyovyabwenge. Umukobwa yaciye ata ubwenge. Uwagirizwa icahe yaciye ahamagara uwugendesha ipikipiki w'imyaka 22,kugira amujanye ahantu hinyegeje. Abo basore babiri baciye bamujana mu nzu itarahera.aho bamufatiye ku nguvu.

Abarengana babahumutse kuri abo basore,barabafata hanyuma babajana mu giporisi. Uwafashwe ku nguvu yajanywe ku bitaro vy'i Kiganda aho ibipimo vyo kwa muganga vyerekanye ko yafashwe ku nguvu.Igihe co gutororokanya amakuru,abo babiri bikekwa bari mu gasho k'igiporisi i Kiganda. Ivyo vyerekana ukuntu abana babangamiwe no gufatwa ku nguvu hamwe n'uguhendwa. Ugukingira uwafashwe ku nguvu,ukudashira ahabona umwidondoro wiwe hamwe no kuronka ubufasha bwo kwa muganga,imibano hamwe no kugishika ubutungane bubereye vyotegerezwa gukurikiranwa mu ntambuko zose.

⇒I Mugere, umukozi wo mu nzu w'imyaka 16 yafashwe ku nguvu n'umudandaza

Kuwa 3 Gitugutu 2026,umukobwa w'imyaka 16,azwi kw'izina rya D. N.,yarafashwe ku nguvu i Mugere, mu ntara ya Bujumbura. Kubwo amakuru yegeranijwe,uyo mwana akiri muto yakora nk'umukozi wo nzu. Yari yagiye ku mudandaza kugura isukari igihe yafatwa ku nguvu.Uwikekwa yarahunze inyuma yo kumenyako ivyo yakoze vyamenyekanye.Ayo mabi ashira ahabona ingorane imiyabaga ishobora guhura nayo mu buzima bwa minsi yose,cane cane iyo babafitiye kuvyo babaha mu vy'ubutunzi canke mu kazi.Vyari nyamukuru ko indongozi zibifitiye ubushobozi kurondera uwo yikekwa,no kumenya uko vyagenze hamwe no gukurikirana ko uwo mukobwa aronswa ubufasha bw'ubuvuzi hubahirijwe agateka kiwe.

⇒Rumonge: Umugore yafashwe ku nguvu agiye kuvoma amazi

Kuwa11 Gitugutu 2026, umugore w'imyaka 38 ,nyina w'abana bane kandi azwi kw'izina rya D. N., yarafashwe ku nguvu mugihe yaragiye kuvoma ku ruzi Murembwe.Kubwo amakuru yabonetse, yarakubaguwe cane kandi arakomereka,agira n'ibikomere vyinshi ku mubiri wiwe. Imvo zisanzuye zo gukubagurwa hamwe n'umwidondoro w'uwo bavugako yakoze iryo bara ntiziramenyekana neza mu makuru yabonetse.

Iryo bara ryerekana umwitwarariko nyamukuru :kuronka ubutunzi nyamukuru nk'amazi ntivyotegerejwe gutuma abakenyezi bashobora gukorera amabi canke ku ngorane ku mutekano wabo.Amatohoza arakenewe kugira hamenyekane ivyakozwe,kumenya ababikoze no gufasha uwafashwe ku nguvu kuronka ubuvuzi hamwe n'ubuhinga bwo gukinga bubereye

II.3. UBURENGANZIRA BWO KIDEGEMVYA N'UMUTEKANO WA MUNTU

II.3.1. UGUHAGARIKWA BIDA KURIKIJE AMATEGEKO

⇒ **Burunga: Abantu 3 bahagaritswe mu gikorwa c'umutekano giteye amakenga**

I Burunga, uguhagarikwa hamwe n'ugusaka birabandanya kubwo kwikeka ko hinjiye imirwi y'abagwayi. Kuva kuwa 28 Nyakanga 2026, uguhagarika n'ugusaka vyarakozwe mu makomine ya Rumonge na Matana, mu ntara ya Burunga. Ivyo bikorwa vyoba vyakorwa n'abaporisi, bafadikanije n'Imbonerakure kubwo amakuru yegeranijwe. Mu bantu bavuzwe harimwo: Elvis Niyondavyi, agendesha ipikipiki, yahagaritswe kuwa 12 Gitugutu. Abakukurutse 2 bo ku mutumba Kivumu, Ntaguzwa Boniface na Joseph Ngendakumana, nabo nyene barahagaritswe hanyuma barapfungwa iminsi myinshi imbere yo kurekurwa. Imvyo z'ukuri zo gupfungwa n'uko hoba hari urubanza rw'ubutungane rubaraba ntivyari bwaje ahabona neza mu makuru yabonetse.

Indongozi zasiguye ivyo bikorwa ku bwoba bwo kwinjira kw'abarwanyu bo mu mugwi RED-Tabara uvuye mu gihugu ca Repuburika Iharanira Demokarasi ya Kongo nko ku mabarabara ya Muhuta na Rumonge. Naho biri ukwo, kubwo amasoko twavuganye, ugusaka rimwe rimwe ntakintu na kimwe batoye cohungabanya umutekano. Igitigiri nyaco c'abantu bahagaritse biracagoye kumenya. Abahaba bashikiriza amakenga yerekeye ukwitotera gukorwa ku bantu batari mu mugambwe CNDD-FDD, nko kubakukuruke hamwe n'abanywanyi canke abakunzi b'umugambwe utavuga rumwe n'uwuri ku butegetsi. Amategeko y'umutekano ntarekurira indongozi kutubahiriza amategeko, kwandika imvo zo guhagarikwa hamwe no gufasha kugenzura ubutungane bwo kwakwa umwigemvyo.

Kubwo amakuru yegeranijwe, amasakwa yakozwe, ntakintu na kimwe catowe cotuba bagirwa n'icaha. Mu banyagihugu, nk'abo mu muryango w'abatutsi, ivyo bikorwa bishobora gutera icuka muri poritike hamwe n'ukwikeka abakukurutse canke abantu bafatwa nk'abanse kwinjira mu mugambwe, CNDD-FDD. Ukurwanya imigwi y'abarwanyu ntibishobora kandi gusigura uguhagarika abantu bidakurikije amategeko ndetse n'ibikorwa bitagira amategeko. Ugukinga ukwinjira kw'imigwi y'abarwanyu vyategerezwa kujana no kwubahiriza uburenganzira bw'abantu bahagaritswe, amakuru y'imvo zo guhagarikwa hamwe n'umuco mu butungane.



Uwo uri wese ubahirizwa

III.1. UBURENGANZIRA KWITONGO

Kubwo amakuru yatororokanijwe n'umuhari Iteka,Nkurunziza Isabelle, afise imyaka 60 ,yarasamburiweko igisenge,amadirisha n'imyango vy'inzu yiwe,kw'itegeko ry'abatware baje muvuyo amatati y'itongo. Igiporisi naco nyene caritavye ico gikorwa.Uwo yabikorewe yemeza ko yamaze kuronka ingingo y'ubutungane imworohereza muri urwo rubanza.Ukuntu vyagenze neza naneza,ishingiro ry'igikorwa kw'itegeko hamwe n'inkwirikizi z'ingingo zakoreweko hamwe n'inkurikizi z'iyongereye naho biri uko bitegerezwa kwerekanwa bigasuzumwa.Ukwaka umuntu ibintu nyamukuru bigize uburaro bishobora guhungabanya ukunezererwa ikintu kandi bigatuma benevyo babaho mu marushwa.Umuhari Iteka urashikiriza ko bikenewe guhira ku mugaragaro uruhara rw'umwe umwe,ugusuzuma iyubahirizwa ry'ingingo z'ubutungane hamwe n'ukuzuriza amatati yose mu nzira z'amategeko,ata kubomora canke kwaka biciye ku-

III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO

⇒I Kiremba, ikena ry'amazi meza rihungabanya ubuzima bw'ishure kandi abanyeshure bashobora kwandura indwara zifatiye kw'uku rike

Inkuru yashikiriye umuhari ITEKA kuwa16 Gitugutu 2026 imenyeshya ko amazi meza amaze hafi ukwezi yakenye ku murwa mukuru wa Kiremba,muri komine Bururi,mu ntara ya Burunga. Abanyeshure bo kw'ishure rya Kiremba yo mu bumanuko ndetse n'abana hafi 78 bo mw'irerero ryaho nabonyene barakozweko n'iryo kena. Ici rirerire ryaragabanuye umurindi w'amazi yo mu masoko.Ku bwo ingorane yo kutaronswa amazi meza,abayakeneye bategerezwa kuvoma mu myonga ya Kavika, Rumira na Kirambi ndetse no mu ruzi Mutandu. Ivyo biruma haba isuku rike mu buzima bwa minsi yosen'ugutegura imfungurwa kandi vyamaze gutera indwara. Bihungabanya kandi amasaha yo kwiga ku banyeshure bo mu ndaro,aho ubuzima bw'ishure bwakozweko n'ingorane zo kuronswa amazi.

Ukwikora ku mazi mabi bituma abana bama barwaye kandi bikonona uburyo nkenerwa bwo kwiga neza. Ivyo vyibutsa ukuronka neza uburenganzira ku ndero bivana kandi n'ugushikira ibintu nyamuru mu mashure hamwe n'ibigo vyakira abana.Kubwo amakuru yatororokanjwe,indongozizaho zirondera inyishu irama. Léonard, umukuru wo muri komine ajejwe ivy'amazi,yamenyesheje ko ibikorwa bitegekanya responsable communal chargé de la gestion de l'eau, a annoncé que ses services prévoyaie gusaba ishirahamwe Amazi Water kugira rishire mu ngiro ico yiyemeje ubwambere muvuyo kugira amazi yo mukuzimu agenewe vy'ubwa mbere Amashure hamwe n'irerero ry'impfumvyi..

Burunga: Ubwinshi bw'abanabahungutse hamwe no kugumya imiryango mu bigo vyabakiriye vyongereza umurindi ku nyubako z'ishure

I Burunga,nka Giharo,muri komine Musongati, ndetse n'i Nyanza et Nyakazu,muri komine Makamba,amashure menshi nshingiro arakenye cane intebe. Kubwo amakuru yatororokanjwe,umuzo w'abana bahungutse bava muri Tanzanie boba barenze kuvyategekanijwe ubwa mbere n'indongozi zo mu mashure.Ingaruka zihari,ni uko abanyeshure benshi bategerezwa gukurikira ivyigwa bicaye no hasimu buryo butabereye mu kwiga neza. Ivyo vyaje mugihe imiryango imwe imwe yahungutse barakekeranya gusubira ku mitumba bavuyeko canke bakanka kuja kubaho kandi bakemera kuguma mu birindiro canke gupanga inzu zo kubamwo mu zindi komine. Kubwo amakuru ahari,ukwo kwanka gutaha vyoba biva ku gutinya guterwa ubwoba canke n'uguhohoterwa bikorwa n'indongozi zimwe zimwe zo mu ntwaro zaho,ku matati

III.2. UBURENGANZIRA KU NDERO (Ibikurikira urupapuro 15)

y'amatongo n'ikibano ataciriwe urubanza, ndetse n'ubwoba bwo gukurikirana ubutungane canke gutahura poritike. Ukugumiza imiryango mu birindiro bashikiyemwo, vyabaye bagishika, vyongereza ivyankenerwa mu vyerekeye kwakirwa no kuja mu mashure. Ivyo vyongereza umutwaro wiyongera ku nyubako z'amashure hamwe n'intebe zihari, mu gihe amashure ategerezwa kuronsa ivyankenerwa vy'abanyeshure basanzwe biga co kimwe na bashasha.

Ashimangira ko uguhunguka ku mpunzi atari mpaka ko bagiye gushinga imizi kandi ko ingorane z'umutekano, indyane z'amatongo hamwe n'ingorane z'imibano bishobora kubangamira igaruka ry'ubuzima burimwo ituze. Kubera ukutagira intebe, abarongoye amashure bategura gusaba umushikiranganji w'indero kugira abaronse izindi ntebe, mu ntumbero y'uburyo bwategakanijwe bw'imiryaridi 18 y'amafaranga y'amarundi yavuzwe yo kuzikora. Amakuru ahari ntatomora n'aho biri uko haba ku kirangamisi c'ugutanga ivyo bikoresho canke amashure azobironka.

Birakenewe ko abarongozi babijewe bajanisha ubushobozi bw'ukwakira abanyeshure bw'amashure kw'igwirirana ry'ibitigiri, mu kurondera inyishu ku ntambanyi zibuza imiryango imwe imwe gushinga imizi mu karere bavamwo. Ukugira umutekano, ukwuzuriza mu ndyane z'amatongo n'imibano hamwe n'ukuronka ubufasha nyamukuru ni ntabanduka mu kworoshya ugusubizwa muzabo birama hamwe no kurosa abana, bahungutse n'abasangwa, uburenganzira bwo wiga.

⇒ ***Kw'ishure shingiro rya Kinga, utuzu twa surwumwe 8 dusangira abanyeshure 847.***

Kw'ishure shingiro Kinga, muri komine Kayanza, intara ya Butanyerera, abanyeshure 847, harimwo abakobwa 441 n'abahungu 406, bafise utuzu twa surwumwe 8 gusa. Umuyobozi w'ishure, Thacien Niyibizi, abona ko hari hakenewe n'imiburiburi utuzu 11 kugira abanyeshure boroherezwe. Abavyeyi bafise amakenga ko ukutagira utuzu twa surwumwe dukwiye bizotuma harandagata indwara kandi basaba ko hubakwa urundi ruhome rw'utuzu twa surwumwe. Ivyo birerekana kandi amakenga kuvyerekeye isuku ry'ishure n'agateka k'abanyeshure, cane cane ako abakobwa, bakeneye utuzu twa surwumwe dukwiye kandi tubereye.

III.3. UBURENGANZIRA KU MAGARA

⇒ ***Umugore akiri muto yashurashujwe ari mu ngorane z'ukudashobora kugura imiti.***

Mu ntara ya Butanyerera, umugore akiri muto afise imyaka 18, atagira se na nyina, yoba yaragize ingorane z'amagara inyuma yo gushurashuzwa. Kubwo amakuru yatororokanijwe. Kubwo amakuru yatororokanijwe, arafise ingorane zo kugura imiti yandikiwe, kubera kubura uburyo. Ivyo biravuguruzwa ukubandanya avugwa kandi bikerekana intambanyi abashurashujwe bahura nazo mu kuronka ubuvuzi. Hejuru yo kuvurwa, ugushikirwa bibereye vyonategerejwe gukorera kuvyo akenera muvyerekeye n'irondoka n'amagara meza, hamwe n'ugukwirikiranwa muvyo inyifato n'imibano.

III.4. IHUNGABANA RY'UBUTUNZI

⇒ ***Icikagurika ry'umuyagankuba rirabangamiye imirimo mu Cankuzo.***

Muri komine ya Cankuzo, intara ya Buhumuza, icikagurika ry'umuyagankuba rirahungabanya ubuzi bwo mu ma biro, ubwo abadandaza hamwe n'imirimo mitomito yinjiza amafaranga. Iryo cikagurika riragora ibikorwa vya misi yose vy'abantu bakoresha umuyagankuba mugukora imirimo kandi biraburabuza cane uburyo bwokubaho busanzwe buhuha. Ivyo vyerekana akamaro ko kubandanya gukwiragiza umuyagankuba, cane cane ku badandaza batobato binjiza aruko bakoze badahengeshanya hamwe n'ibikoresho.

III.5. UBURENGANZIRA KU BURIMYI

⇒ ***Itera ryatanguye ata fumbire iNgozi: abarimyi bategerezwa guhitamwo kurindira canke gutakaza umwaka w'irima***

Muri Gitugutu 2026, muri komine Ngozi, intara ya Butanyerera, abarimyi baratanguye gutera ibigori n'ibiharage batagira ifumbire. Kubwo amakuru yatororokanijwe, bafise amakenga ko konona umwaka w'irima mu kurindira ifumbire iboneka ryayo rikirimwo igipfungu, mugihe imvura ishobora gucika umwanya n'umwanya. Ukugira intonde z'abaronka ifumbire hamwe n'ukuyitanga birateye ingorane cane cane. Ifumbire ihari yoba arinkeya ku yasabwe. Muri ico gihe, abantu bamwe bamwe boba bironderera mu kinywabi ifumbire ku biciro bihanitse biri hagati ya 10 000 na 12 000 fbu ku kiro..

Ivyo bironona umwimbu kandi bishira mukangaratete imiryango ibeshejweho n'uburimyi. Biserura kandi ingorane zerekeye umuco mu gutanga ifumbire hamwe n'ukunganisha mukuronka ivyankenerwa kugira haboneke umwimbu.

⇒ ***Ifumbire FOMI itatanzwe: ugusubiza vyatangajwe, ariko ibisabwa bishobora gukumira abarimyi b'amikoro make gusumba abandi***

Kuwa 16 Gitugutu 2026, umushikiranganji w'uburimyi n'ubworozi, umupfasoni Calinie Mbarushimana, yamenyesheje, mw'itangazo n° 710/06.05/2026, ry'ugusubiza abarimyi barishe ifumbire FOMI ku gice c'irima 2026B batayirose. Kubwo amakuru yizewemuri iki cegeranyo, abarimyi ibihumbi n'ibihumbagiza bari bararishe hagati y'amahera angana n' 28 000 na 33 000 fbu ku gapapuro kugira baronke ifumbire yo mu bwoko bwa FOMI Imbura, Urée, FOMI Bagara na Dolome. Ukutaronka iyo fumbire vyarononye umwimbu w'igice c'irima biraba. Ugusubiza amahera vyaramenyeshwe ko bizoba mu kiringo co kuwa 19 - 23 Gitugutu 2026, biciye mu mashirahamwe yo kuziganya n'ukuguranana : POSTE, COOPEC, BCAB, MUTEK, CECM, IHELA, DIFO, TWITEZIMBERE na RECECA INKINGI. Ibisabwa vyavuzwe harimwo nko kwerekana agapapuro katanzwe mu 2025, i foto y'ikarata karangamuntu hamwe n'urupapuro rutangwa n'umukuru w'umutumba.

Ivyo babasaba birateye amakenga pour les agriculteurs ku barimyi batakaje udupapuro twabo canke batagira impapuro zisabwa. Abapfakazi, imiryango yo mugihugu hagati ikenye hamwe n'abantu batagira ububiko muri banki bashobora kugira ingorane zo gusubizwa ayo mahera. Itangazo, uko ryavuzwe mu makuru ahari, ntiritegekanya inyishu kubo udupapuro tw'ibice vy'irima vyarangiye vyo mu 2025 na 2026A. Hejuru y'isubizwa, ikibazo kihaguma ni ico ubushobozi bw'abarimyi bwo kuronka ifumbire ku biciro vy'isoko. Ingingo yavuzwe ntikwiye yonyene mu gusanura ivyononekaye canke ukuboneka kw'ifumbire ku bice vy'irima vyimirije. Ico kirakomeza ingorane z'imfungurwa ku miryango ibeshejweho n'umwimbu wayo.



Uwo uri wese ubahirizwa

IV.1. UGUSOZERA

Ikiringo co kuva kuwa 12 gushika kuwa 18 Gitugutu 2026 caranzwe n'ingorane zijanye n'ugukingira ubuzima hamwe n'ukudakubagurwa, ukuburwa irengero kuvugwa, uguhagarikwa, ugushikira ubutungane hamwe n'ukuronka uburenganzira ku butunzi n'imibano.

Ibintu vyavuzwe vyerekeye nk'impfu mu buryo butandukanye, amabi yo gushurashuzwa, uguhagarikwa birimwo ugukwirikiranwa n'ubutungane ata muco uhari n'ukuburwa irengero inyuma yo guhagarikwa. Birashira ahabona n'ingorane zigumaho z'ukubura amazi meza, utuzu twa surwumwe tudakwiye mu mashure, uburyo bakoramwo buteye ubwoba mugucukura inzahabu hamwe n'intambamyi zo kuronswa ubuvuzi.

Ukubura ifumbire n'imbuto, umwimbu mubi n'iduga ry'ibiciro bironona ku rundi ruhande uburo bwo kwibeshaho bw'imiryango myinshi. Mu mashure, ukubura intebe n'ukubura abigisha bamwe bamwe bivugwa bishobora kwonona ibandanya ry'inyigisho.

Ivyo vyabonetse bisaba ingingo zifadika zo kwicungera, gukingira abakozweko n'amabi, ugushira ahabona uruhara rw'umwe umwe n'uguteza imbere ugushikira ubufasha bwa nkenerwa. Amabi yavuzwe abwirizwa gukorwako isuzuma ribereye kugirango uruhara rw'umwe umwe ruboneke mu kubahiriza amategeko.

IV.2. IBISABWA

Umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi « ITEKA » usaba:

- ⇒ **Ku mukuru w'igihugu c'Uburundi** : kuraba ko indongozi zose zubahiriza agateka ka zina muntu, gukingira abantu bose bapfunzwe no guteza imbere ingingo ziboneka z'umutekano w'abanyagihugu, ukubaronsa ubufasha bwa nkenerwa n'ugukinga ibiza
- ⇒ **Ku mushikiranganji w'ubutungane n'mushinguzi w'ikimangu, hamwe no kubarongozi mu butungane** : gukora amatohoza adahengamye ku mpfu ziteye amakenga, ugushurashuzwa, uguhagarikwa hamwe n'ukuburwa irengerobivugwa; kwerekana uruhara rw'umwe umwe n'ukumenyesha imiryango uko biriko bigenda, hakwirikijwe amategeko.
- ⇒ **Ku mushikiranganji w'amagara y'abantu** : gukomeza ugushikira ubuvuzi n'ibijanye n'amagara yo mu mutwe n'imibano ku bashurashujwe hamwe n'abantu bakozweko n'inkurikizi ku magara zivuye ku kubura amazi meza, nk'abanyeshure n'abana b'impfuyi b'iKirembo.
- ⇒ **Ku mushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi** : Gufata ingingo zihuta kubijanye no kubura intebe mu mashure yo mu burere bwo kumbibe yakira abana bahungutse, guteza imbere uburyo bw'isuku mu mashure n'ukubandanya gusomesha abana bose bageze.
- ⇒ **Ku mushikiranganji w'ibidukikije, uburimi n'ubworozi** : guteza imbere itangwa ry'ifumbire n'imbuto, gukwirikirana ko hari umuco mu gusubiza abarimi biraba hamwe n'ugukomeza gukinga impanuka ku birindiro bicukura inzahabu, mu gukorana n'ababijejwe.